

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa dina kahirupanana moal leupas tina kabudayaan nu aya di sabudeureuna. Sabab gelarna budaya téh nya éta tina sagala tingkah laku manusa, boh dina interaksi boh dina komunikasi jeung jalma séjénna nu ahirna ngahasilkeun budaya. Éta hal saluyu jeung pamadegan Herkovits (dina Suratman, 2013, kc. 32), nu ngébréhkeun yén kabudayaan téh nya éta bagian tina lingkungan hirup nu diciptakeun ku manusa. Sedengkeun nurutkeun Koentjaraningrat (1985, kc. 1), kabudayaan dina harti jembar nya éta sakabéh hasil tina mikir, jeung hasil karya manusa anu teu ngindung kana nalurina. Éta hal bisa dihontal ku manusa sanggeus ngaliwatan prosés diajar.

Indonesia mangrupa salah sahiji bangsa anu beunghar ku kabudayaan. Nurutkeun data BPS taun 2010 (www.jpm.com, 08 januari 2017) di Indonésia kurang leuwih hirup 1.128 sélér bangsa. Beungharna budaya Indonesia téh lantaran hirup huripna budaya di unggal sélér bangsa. Salah sahiji sélér bangsa di Indonesia nya éta sélér Sunda, anu nyicingan Pulo Jawa béh kulon, nu jumlah padumukna kadua panglobana sabada sélér Jawa.

Upacara adat Ngalungsur Pusaka mangrupa salah sahiji kabudayaan nu hirup kumbuh di tatar Sunda. Upacara adat Ngalungsur Pusaka mangrupa salah sahiji asét kabudayaan nu dipiboga ku Kabupatén Garut. Nepi ka kiwari upacara adat Ngalungsur Pusaka masih kénéh dipaliré sok sanajan teu sakabéh masarakat Kabupatén Garut mikanyaho kana ieu upacara.

Upacara adat Ngalungsur Pusaka, dilaksanakeun minangka hiji wangun panghormatan ka Prabu Kian Santang atawa Séh Sunan Rohmat Suci, anu geus nyumbarkeun agama Islam di tatar Sunda hususna di Kampung Godog Makam. Lian ti éta ngaliwatan upacara adat Ngalungsur Pusaka dipiharep sakabéh masarakat bisa mikanyaho kana kaayaan barang-barang pusaka titinggal ti Séh Sunan Rohmat Suci,

tur ngaraksa upacara adat Ngalungsur Pusaka sangkan kariksa, nu satuluyna bisa dimumulé.

Salian ti ngabogaan unsur-unsur, kabudayaan ogé miboga simbol séwang-séwangan. Kitu deui dina upacara adat Ngalungsur Pusaka, saperti nu diébréhkeun ku H. Undang Sutisna (wawancara tanggal 04 Desember 2016), upacara adat Ngalungsur Pusaka, mangrupa warisan titinggal ti Éyang Pager Jaya, anu dina prak-prakanana katitén aya ajén-inajén jeung simbol-simbol anu nyangkaruk

Simbol mangrupa bagian tina tanda. Élmu nu ngaguar ngeunaan tanda jeung simbol disebut sémiotik. Nurutkeun C.S Peirce (dina Sobur, 2013, kc. 41-42) tanda téh kabagi jadi tilu bagian, nya éta ikon (*icon*), indéks (*index*), jeung simbol (*symbol*) anu sakabéhna téh miboga sifat konvensional, nya éta gumantung kana kasapukan masarakat di hiji daérah di mana éta tanda dipaké. Jadi bisa waé dina ngama'naan hiji hal atawa tanda téh, di hiji daérah jeung daérah séjénna téh béda-béda.

Unsur sémiotik dina ieu upacara kudu ditalungtik lantaran beuki dieu beuki loba simbol anu lalengitan ku sabab kapangaruhan ku jaman *modern*. Ku kituna, ku ayana ieu panalungtikan nu ngaguar unsur sémiotik dina upaca adat Ngalungsur Pusaka, dipiharep urang Sunda hususna masarakat Kabupatén Garut lian ti bisa leuwih wanoh kana tradisi titinggal ti karuhunna, ogé bisa ngarti kana unsur sémiotik nu nyangkaruk dina éta tradisi.

Dipedarna unsur sémiotik dina Upacara Adat Ngalungsur Pusaka dipiharep bisa méré mangpaat pikeun bahan dina ngajembaran pangaweruh kana kabudayaan Sunda. Tarékah pikeun ngawanohkeun tradisi dina kabudayaan Sunda nu aya disabudeureun nya éta salah sahijina ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Luyu jeung SKKD SMA kelas XII ngeunaan budaya, nya éta SK: *mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan*. Kompetensi Dasarna nya éta *membaca artikel tentang budaya*.

Upacara Ngalungsur Pusaka perlu dijaga tur diriksa sabab mangrupa bagéan dina usaha ngamumulé tradisi jeung budaya bangsa sacara gembeng. Ulikan ngeunaan

upacara adat Ngalungsur Pusaka kungsi ditalungtik ku Rahma Nurdina. Hasil panalungtikanna ditepikeun dina sidang skripsi Jurusan Sejarah dan Kebudayaan Islam di Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga di Yogyakarta taun 2010.

Sanajan objékna sarua tapi puseur paniténa béda. Dina panalungtikan Rahma Nurdina mah ngan ukur ngguar ngeunaan prak-prakkan upacara adat Ngalungsur Pusaka sacara gembheng. Sedengkeun dina ieu panalungtikan mahnu diguarna téh nya éta prak-prakkan upacara adat Ngalungsur Pusaka, unsur sémiotik anu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka, sarta dilarapkeun dina pangajaran maca artikel budaya.

Skripsi nu ngaguar ngeunaan ulikan sémiotik dina hiji budaya geus réa ditalungtik ku mahasiswa Sunda anu miboga minat kana budaya. Ieu dihandap ditataan judul-judul skripsingeuunaan ulikan sémiotik:

- 1) “Upacara nyiramkeun Pusaka Karajaan Talaga di Désa Talaga Wetan Kacamatan Talaga Kabupatén Majalénka pikeun bahan pangajaran Maca di SMA Kelas XI, (Ulikan Sémiotik)” ku Isri Nurwindasari Hadadi 2015.
- 2) “Tradisi Hajat Bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupatén Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA kelas XII, (Ulikan Sémiotik)”ku Encep Nurhidayat taun 2016.
- 3) “Unsur Sémiotik dina Upacara Ruwatan Bumi Hajat Buruan di Kampung Cikareumbi Désa Cikidang Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barart Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII, ku Dicky Rayadin2015.
- 4) “Unsur Sémiotik dina Upacara Rewahan di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya kelas XII ”, ku Susi Susanti taun 2014.

Dumasar kana pedaran di luhur, katitén yén sawatara judul skripsi di luhur nya éta skripsi anu ngulik budaya tina unsur sémiotik. Tapi, unsur sémiotik dina upacara Ngalungsur Pusaka, sarta dilarapkeun dina pangajaran artikel budaya mah can aya nu

nalungtik. Ku kituna panalungtikan nu dijudulna ”Upacara Adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog, Désa Lebak Agung, Kacamatan Karangpawitan, Kabupatén Garut, Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulukan Sémiotik)”.Kudu dilaksanakeun sangkan bisa ngajembaran pangaweruh nu maca ngeunaan kabudayaan Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Upama ditalungtik sacara nyoksok jero, upacara adat Ngalungsur Pusaka leubeut pisan ku ajén-inajén. Ku kituna, sangkan museur kana masalah anu ditalungtik, ieu skripsi téh diwatesanankana ngadéskripsikeun sajarah, prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat ngalungsur pusaka, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan ieu di handap:

- 1) Kumaha asal-muasal upacara Ngalungsur Pusakadi Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut?
- 2) Kumaha prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut?
- 3) Unsur sémiotik naon waé anu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka nu aya di Kampung Godog Kecamatan Lebak Agung Kabupaten Garut?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan upacara adat Ngalungsur Pusaka dina pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuannya éta, tujuan umum jeung tujuan husus.

Neng Dini Islami, 2017

**UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.1 Tujuan Umum Panalungtikan

Tujuan umum dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya nu aya di tatar Sunda. Salah sahijina dinaupacara adat Ngalungsur Pusakanu aya di Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun:

- 1) Asal-usul upacara Ngalungsur Pusakadi Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut.
- 2) Prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka nu aya di Kampung Godog Kecamatan Lebak Agung Kabupatén Garut.
- 3) Unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka nu aya di Kampung Godog Kecamatan Lebak Agung Kabupatén Garut.
- 4) Larapna hasil panalungtikan upacara adat Ngalungsur Pusaka dina pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.2 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat sangkan bisa méré tambahan pikeun sitem atikandina hal kabudayaan, kasenian jeung basa, hususna ngeunaan Upacara Adat Ngalungsur Pusaka.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta.

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh kana tradisi lokal nu aya di masarakat Sunda, salah sahijina dina Upacara Adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut, sangkan bisa turun langsung dina usaha ngariksa budaya Sunda;
- 2) Pikeun akademisi, ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan dina nyusun panalungtikan séjéngeunaan unsur sémiotika anu nyampak dina hiji budaya.
- 3) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di kelas XII SMA.
- 4) Pikeun siswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya anu aya di tatar Sunda hususna nu aya disabudeureunana jeung dipiharep ieu panalungtikan bisa méré motivasi ka siswa pikeun ngarojong usaha ngariksa budaya Sunda.
- 5) Pikeun masarakat Garut, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kareueus kana budaya jeung tradisi nu aya di sabudeureunana hususna dina Upacara Adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut, sangkan bisa turun langsung dina usaha ngariksa budaya Sunda ;

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, nya éta medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori. Eusina medar ngeunaan tiori upacara adat Ngalungsur Pusaka, sémiotik, jeung bahan pangajaran maca artikel budaya.

BAB III Métodologi panalungtikan. Dina ieu bab eusina medar Désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data panalungtikan.

Neng Dini Islami, 2017

**UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab eusina medar ngeunaan asal-muasal upacara adat Ngalungsur Pusaka, prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, unsur sémiotik dina upacara adat ngalungsurkrun pusaka, sarta larapna hasil panalungtikan upacara adat Ngalungsur Pusaka dina pangajaran maca artikel budaya di SMA.

BAB V medar ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta rékoméndasi ti panalungtik pikeun lajuning laku panalungtikan.